

Enskripsyon Kontraktè Nan Travay Agrikòl nan Eta Nouyòk (LS 113.1) Lis Verifikasyon ak Konsèy

Pou evite reta ki pa nesèsè nan tretman aplikasyon w lan, tanpri, itilize lis verifikasyon sa a pou ede w asire w tout bagay ki nesèsè yo pare. Anvan w voye aplikasyon w lan ale:

- Ou dwe ranpli tout seksyon ki nan fòmilè LS 113.1 an.
- Oumenm ak kiltivatè a dwe siyen fòmilè a.
- Ou dwe ajoute tout dokiman ki nesèsè yo.

Yo p ap ka trete aplikasyon w lan san enfòmasyon sa a.

Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd, tanpri kontakte Biwo Sètifika ak Pèmi, w ap jwenn enfòmasyon kontak la pi wo a.

Aplikasyon pou Sètifika Enskripsyon Kontraktè nan Travay Agrikòl, LS 113.1

- Anlè paj la: Koche youn nan de kare yo pou swa yon Sètifika Enskripsyon oswa Pèmi Komisè Kan
- Mitan anlè paj la: Ranpli ane apwopriye pou peryòd enskripsyon an, tankou:
 - 1ye Avril **2019** – 31 Mas **2020**
- Kare 9 ak 10: Bay enfòmasyon detaye sou lojman
- Kare 13a, 13b ak 13c: Bay montan presi e ki detaye yo peye. Divize yo pa kategori travay. Si yo peye w pa pyès, presize gwosè oswa kapasite bwat oswa kès yo. Pa egzanp:

13a. Rekòt	13b. Travay	13c. Montan
Pòm	Koupe	\$12.50 pa èdtan
Pòm	Rekòlte - Transfòmasyon	\$15.00 pou chak 20 barik
Pòm	Rekòlte - Fre	\$20.00 pou chak 20 barik

- Kare 17: Mete pi bon estimasyon pou kantite mwayèn èdtan pa jou. Pa mete yon seri èdtan.
- Kare 27/28: Ranpli tout seksyon yo. Se ou ki pou fè l, FLC a.
- Kare 28: Ranpli seksyon sa a. Ou sipoze koche yon sèl kare:
 - Si se non, koche "Non".
 - Si se wi, koche "Wi" epi bay lòt enfòmasyon yo te mande a.

Prèy Asirans

Gade Seksyon 29 nan LS 113.1 pou enfòmasyon jeneral ak enfòmasyon kontak pou w mande fòmilè prèy asirans.

- Kiltivatè yo: prèw Travayè' Asirans Dedomajman (C-105.2 or U-26.3) oswa fòmilè eksepsyon CE-200*
- Kiltivatè yo: prèw asirans andikap DB-120.1 oswa fòmilè eksepsyon CE-200*
- FLC: prèw Travayè' Asirans Dedomajman (C-105.2 oswa U-26.3) oswa fòmilè eksepsyon CE-200*
- FLC: prèw asirans andikap DB-120.1 oswa fòmilè eksepsyon CE-200*
 - **CE-200, ki se Sètifika eksepsyon yo, pa ka sèvi plizyè fwa** pou plizyè aplikasyon diferan, pa egzanp:
 - Si w gentan gen yon eksepsyon pou yon aplikasyon pèmi diferan, ou dwe jwenn yon nouvo (ki gen nouvo nimewo sètifika) pou enskripsyon Kontraktè travay agrikòl la.
 - Si w gentan gen yon andikap e pou w aplike pou yon sètifika enskripsyon nan plizyè chan, ou dwe jwenn yon nouvo sètifika eksepsyon (ki gen yon nouvo nimewo sètifika) pou chak aplikasyon w voye ale.
 - *Si w pa oblije responsab WC ak/oswa asirans Andikap, bay biwo a yon fòmilè Sètifika Eksepsyon CE-200 ki ranpli. Ou ka jwenn fòmilè sa a sou entènèt sou www.businessexpress.ny.gov. Ou ka kontakte New York Business Express nan 518-485-5000 pou w jwenn èd pou ka jwenn fòmilè sa a. Kontraktè Travay Agrikòl yo dwe gen Asirans Konpansasyon Travayè pou pwèp travayè yo tankou chofè kamyon yo oswa ajan biwo ki bay sèvis nan Nouyòk yo. Travay agrikòl Kontraktè Travay Agrikòl la bay ann amoni ak kontra ekri a pou travay nan chan yo se anplwaye pwopriyetè a oswa lokatè chan sa a dapre lwa WCB a.

Remak: Kondisyon pou gen lisans lan pa anpeche yo konsidere yon kontraktè travay agrikòl antanke yon konpayo ki responsab/konpayi ki met ak yon lòt nan yon litij pou yon reklamasyon.

Prèw Anprent (si sa nesesè)

Nouvo FLC yo ansanm ak moun yo revoke, refize, oswa kanpe pèmi yo gen obligasyon pou yo pran anprent yo nan yon lokal yo mete pou pran anprent.

Gade sa ki nan anvlòp Enstriksyon pou Anprent Dijital pou Nouvo Aplikan pou Sètifika Enskripsyon Kontraktè Travay Agrikòl yo; fòmilè LS 121 pou w jwenn enstriksyon.

- Mete resi montan yo mande pou anprent ou nan aplikasyon w lan.
 - Sant anprent lan pral voye enfòmasyon w dirèkteman bay Depatman Travay.

Konsèvasyon Dosye

Ni Kiltivatè, ni Kontraktè Travay Agrikòl la dwe kenbe yon kopi aplikasyon an ansanm ak dokiman ki anrapò avè l.

Voye Aplikasyon an

Voye aplikasyon LS 113.1 ki ranpli a pa lapòs ansanm ak tout dokiman obligatwa yo nan adrès ki pi wo a LS 113.1.